

Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ADOPSYON RÈGLEMAN FINAL POU FÈ SANTRAL ELEKTRIK NEW YORK YO FONKSYONE SAN CHABON APATI FEN ANE 2020 AN

New York se Premye Eta nan Nasyon an ki Mete Règleman Anplas pou Pwogresivman Elimine Santral Elektrik ki Itilize Chabon yo

Eta a Pral Egzije Tout Santral Elektrik yo Atenn Limit CO2 Estrik yo - Gade Règleman yo Adopte yo [La a](#)

Y ap Sipòte Pwogram Enèji Pwòp Gouvènè a, ki se yon Pwogram Lidè nan Nasyon an, Ki Gen Ladan Objektif pou Redui Degajman Gaz A Efè Sèr yo Onivo Eta 40 Pousan Apati 2030

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Eta New York ap ajoute sou mezi lidè nan nasyon l ap pran yo pou asire Nouyòkè yo gen lè ki pi pwòp epi redui degajman gaz a efè sèr yo k ap chanje klima a lè nou entèdi santral elektrik ki itilize chabon yo. Gouvènè Cuomo te anonse ke Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la te adopte règleman final yo pou egzije tout santral elektrik nan New York yo atenn limit degajman gaz yo pou dyoksid kabòn (CO2), yon gaz a efè sèr pwisan k ap kontribiye nan chanjman klimatik yo. Règleman yo, ki se tout premyè apwòch konsa nan nasyon an pou reglemante degajman gaz kabòn, pral atenn objektif Gouvènè a pou mete fen nan itilizasyon chabon nan santral elektrik Eta New York yo apati fen ane 2020 an.

"Pandan gouvènman federal la kontinye sipòte yon endistri kabiran fosil la ki anvwaa disparisyon, nye egzistans chanjman klimatik, epi anile pwoteksyon anviwònmanal yo, New York ap trase chemen an pou rès nasyon an avèk mezi klimatik temerè n ap pran pou pwoteje planèt nou an ak kominote nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk adopsyon règleman final sa yo, nou ap pran yon lòt pa ankò anvè solisyon enèji alontèm ki pi pwòp, pi ekolojik pou pwoteje anviwònman pou anpil jenerasyon k ap vini ankò."

"Règleman sa yo pral limite degajman dyoksid kabòn nan santral elektrik yo nan New York, sa k ap kontinye efò nou ap fè pou nou pwoteje anviwònman an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Egzijans sa a ap ajoute sou objektif agresif nou genyen pou fè vanse enèji pwòp epi redui degajman gaz a efè sèr yo. Nou pran angajman pou nou asire yon anviwònman pi pwòp, san chabon pou jenerasyon k ap vini yo pandan n ap travay pou nou konbat efè chanjman klimatik yo."

Anplis de sa, nan kòmansman ane sa a, New York te pibliye règleman yo pwopoze pou mete limit sou degajman oksid azòt yo (NOx) nan santral elektrik yo itilize anpil yo. Melanje ak règleman sou chabon yo adopte jodi a yo, règleman sa yo pwopoze yo pral

amelyore kalite lè a epi pwoteje sante piblik lè nou mete nouvo egzijans, estrik sou santral elektrik yo itilize anpil yo.

Règleman yo ap akonpli angajman Gouvènè a te pran nan diskou Eta Leta 2016 li a pou nou fonksyone san chabon apati 2020 ak [direktiv diskou Eta Leta 2018](#) li a te bay DEC pou yo elabore règleman pou akonpli objektif sa a, yo pral ranfòse Estanda Pèfòmans CO2 yo (CO2 Performance Standards) pou Gran Etablisman ki Pwodui Elektrisite yo (Major Electric Generating Facilities) nan eta a lè nou tabli egzijans ki limite to degajman CO2 yo pou gran etablisman ki pwodui elektrisite yo. Sa pral asire ke rès santral elektrik ki fonksyone ak chabon yo nan eta a ap fè tranzisyon pou vin itilize sous enèji altènatif ki pi pwòp yo oswa fèmen yo apati 2020. Eta a rete prè pou ede travayè ak kominote yo fè tranzisyon anvè yon avni enèji pwòp atravè inisyativ Karyè Klima Pwòp (Clean Climate Careers) Gouvènè a ke yo te kreye pou abòde nesosite kominote lokal ke nenpòt fèmti afekte yo, ansanm ak yon bann seri pwogram enèji pwòp pou sipòte tranzisyon santral sa yo sispann itilize chabon. Sekretè Deta a te depoze règleman sa yo 9 Me 2019 epi yo ap konplètman antre anvigè apati 8 Jen 2019

An fevriye, DEC te pibliye règleman yo pwopoze pou redui nan yon fason konsiderab degajman gaz NOx ki soti nan santral elektrik ke yo itilize anpil yo ki ap fonksyone nan jou ki pi cho yo epi ki plis polye lè a. Santral elektrik ki sal epi ki pa efikas sa yo se sous polisyon kabòn yo ye tou. Règleman sa yo pral redui degajman gaz a efè sèr yo pou ede atenn objektif 40 pousan apati 2030 lan epi evolye vin 100 pousan kouran pwòp apati 2040. Règleman yo pwopoze yo disponib sou <http://www.dec.ny.gov/regulations/116131.html>.

Komisè DEC a, Basil Seggos, te di, "Pandan gouvènman federal la ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA) kontinye pa reyisi pwoteje kominote nou yo kont menas polisyon lè y ap konfwonte chak jou yo, ak menas efè chanjman klimatik k ap ogmante deplizanpli yo, New York ap trase chemen an anvè yon avni ki pi pwòp ak pi ekolojik. Olye nou depann de kabiran fosil tan pase yo, New York ap konsantre sou yon avni enèji ki net an kabòn, konfòm ak òdonans Gouvènè Cuomo a. Règleman yo adopte jodi a yo reprezante vrè mei n ap pran sou plan chanjman klimatik. Lè nou elimine chabon y ap boule pou pwodui kouran, New York ap semante plas nou nan listwa kòm yon chanpyon anviwònman la k ap trase chemen an pou nasyon an epi ede tout kominote nou yo reyalize potansyèl ekonomik ki genyen lè nou finanse mezi anviwònman la ak klimatik yo".

Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te deklare, "Mwen felisite pozisyon temerè Gouvènè Cuomo pran pou l sipòte endistri enèji pwòp la. Lè nou fè santral elektrik New York yo fonksyone san chabon apati 2020, nou ap trase chemen an anvè yon tranzisyon enpòtan - k ap envesti nan sous enèji pwòp yo epi ouvri chemen an pou nouvo djòb ekolojik yo".

Alicia Barton, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitiv Jeneral NYSERDA, te deklare, "Gouvènè Cuomo ap deklanche kapasite New York genyen pou envesti nan tranzisyon enèji pwòp ki enpòtan anpil pou ralanti efè chanjman klimatik yo epi estimile yon opòtinite devlopman ekonomik imans. Objektif lidè nan nasyon an ke Eta a genyen yo te pèmèt nou devlope resous enèji renouvlab pi rapid pase nou te prevwa, sa k ap pouse Eta a anvè yon rezo elektrik san chabon apati 2040, epi règleman jodi a yo ap

ajoute sou elan nou pran pou n atenn yon ekonomi ki net an kabòn k ap pwoteje sante sitwayen nou yo ak anviwònman an".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwòmantal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Lè nou redui degajman gaz a efè sèr yo, nou ap ouvri chemen an pou enèji ak lè ki pi pwòp, pandan n ap konbat efè chanjman klimatik yo epi kreye bon jan djòb ki byen peye tou. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Komisè Seggos paske y ap pran mezi temerè pou pwoteje planèt nou an".

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite sou Pwoteksyon Anviwòmantal Asanble a (Assembly Environmental Conservation Committee) te di, "Chabon se kabiran ki te alimante revolisyon endistriyèl la men li te lakoz nou rive nan papòt katastwòf chanjman klimatik la. Adopsyon nouvo règleman ki egzijè pou santral elektrik yo atenn limit CO2 estrik yo pral ede New York vin fonksyone san chabon ansanm ak atenn objektif enèji pwòp li yo epi redui polisyon lè danjre a".

Lidèchip New York sou Chanjman Klimatik yo

Anons jodi a se yon lòt eleman nan ajanda global Gouvènè an genyen pou konbat chanjman klimatik yo apati rediksyon degajman gaz a efè sèr yo epi devlope ekonomi enèji pwòp la. Gras a lidèchip Gouvènè an, Ajanda Klimatik (Climate Agenda) ak Djòb Enèji Pwòp (Clean Energy Jobs) 2018 la ap kontinye pwogrè y ap fè pou redui degajman gaz ki soti nan santral elektrik ki itilize kabiran fosil yo ki genyen yo, epi fè vanse teknoloji enèji pwòp yo atravè investisman san presedan k ap fèt nan enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, enèji solè, estokaj enèji, ak efikasite enèjetik, pandan ke y ap ankouraje devlopman mache epi kreye travay toupatou atravè eta a. Rejis akonplisman klimatik rekò Gouvènè a, ki se yon efò lidè nan nasyon an, gen ladan:

- **Nouvo Akò Ekolojik la (Green New Deal):** Nouvo Akò Ekolojik la, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan diskou Eta Leta 2019 li a pral egzijè New York itilize enèji ki 100 pousan san kabòn apati 2040, ki se objektif ki pi agresif nan Etazini epi ki gen delè senk an avan yon sib eta California te adopte resaman. Pilye nouvo inisyativ sa a se yon ogmantasyon konsiderab nan egzijans inisyativ reyisi Estanda Enèji Pwòp reyisi New York la soti 50 pousan rive 70 pousan enèji elektrik renouvlab apati 2030.
- **Alyans Klimatik Etazini an (United States Climate Alliance):** Ko-fonde Alyans Klimatik Bipati Etazini an, pou respekte onivo eta a, objektif rediksyon degajman gaz nan kad Akò Pari a sou chanjman klima. Alyans Klimatik Etazini an gen 24 eta ladan kounye a plis Pòtoriko, sa ki reprezante plis pase mwatye popilasyon nasyon an, epi li konte pou 11 trilyon dola nan PIB a, ki ase pou yo konsidere l kòm twazyèm pi gran ekonomi nan mond lan.
- **Fon pou Pwoteksyon Anviwòmantal la (Environmental Protection Fund, EPF):** Depi an 2016, yo te sekirize yon envestisman rekò 300 milyon dola nan Fon pou Pwoteksyon Anviwòmantal la, ki ap sipòte pwojè yo nan chak konte pou pwoteje tèren, amelyore kalite dlo ak lè a, epi konbat chanjman klimatik yo.
- **Inisyativ Rejyonal Kont Gaz a Efè Sèr yo (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI):** Yo te mennen efò pou redui limit degajman kabòn RGGI a pa 45 pousan an 2014, plis yon limit rediksyon adisyonèl omwen 30 pousan ant

2020 ak 2030 pou limit reyisi sa a, ak pwogram komès pami eta nòdès ak eta nan mi-Atlantik yo.

- **Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV):** Yo te etabli yon estrateji enèji global pou rann vizyon sistèm enèji ki pwòp, rezistan ak abòdab la vin yon reyalite, pandan yo ap estimile inovasyon enèji, atire nouvo djòb, ak amelyore chwa konsomatè yo.
- **Estanda Enèji Pwòp la (Clean Energy Standard):** Li te kreye manda pou enèji pwòp ki pi global ak pi anbisye nan istwa eta a, k ap egzije pou 50 pousan kouran yo itilize nan New York soti nan sous enèji renouvlab yo tankou enèji ewolyèn ak enèji solè apati 2030, avèk yon ogmantasyon konsiderab rive 70 pousan enèji renouvlab apati 2030. Estanda Enèji Pwòp la ap ankouraje investisman san presedan nan enèji renouvlab. Pandan de dènye ane ki sot pase yo sèlman, New York te akòde 2.9 milya dola nan kontra pou 46 pwojè enèji ewolyèn ak solè agrand echèl, ki pral jenere 7 milya dola nan investisman dirèk nan sektè enèji pwòp la. New York te pibliye twazyèm demann li an resaman k ap chache apeprè 1.5 milyon megawat alè apati pwojè enèji renouvlab agrand echèl yo.
- **Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund):** Yo te etabli yon fon 5 milya dola ki pou estimile inovasyon teknoloji pwòp, mobilize investisman prive epi ede elimine baryè sou mache a pou rann enèji pwòp pi ekstansib ak pi abòdab pou tout moun New York yo.
- **NY Green Bank:** Yo te kreye pi gwo Green Bank nasyon an, ki te atire 1.6 milya dola nan investisman piblik ak prive yo nan pwojè enèji pwòp yo atravè Eta New York depi lansman li an 2014. Baze sou reyisit sa a, Gouvènè a te mande pou NY Green Bank kolekte omwen yon 1 milya dola adisyonèl nan fon sektè prive yo pou "ale sou plan nasyonal."
- **NY-Sun:** Pwogram solè NY-Sun lan te ede favorize 1,500 pousan kwasans nan enèji solè atravè Eta New York depi 2011, sa k ap rantabilize 3.5 milya dola nan investisman prive epi favorize prèske 12,000 pòs travay atravè eta a. Yo te klase Eta New York kòm dezyèm sou plan nasyonal pou pano solè yo distribiye - nan milye rezidansyèl ak ti antrepriz komèsyal - yo te enstale an 2018.
- **Karyè Klima Pwòp yo (Clean Climate Careers):** Yo ap fè patenarya ak kominote travay lan pou ede kreye 40,000 nouvo pòs travay nan enèji pwòp ki byen peye atravè eta a apati 2020.
- **Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind):** Yo te pibliye plan direktè pou enèji ewolyèn olaj zòn kot ki pi global nan nasyon an 2018, ki gen ladan yon angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 jigawat kouran apati enèji ewolyèn olaj zòn kot yo apati 2030, sa ki ase pou alimante 1.2 milyon fwaye nan New York, ki te prèske kadriple rive 9,000 megawat apati 2035, nan kad Nouvo Akò Ekolojik New York la. Eta a te resevwa yon repons istorik san presedan fas a demann inisyèl yo te fè pou apeprè 800 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot yo oswa plis epi yo prevwa fè anonse prim lan nan prentan 2019.
- **Estokaj Enèji:** Yo te tabli yon objektif estokaj enèji nan diskou Eta Leta 2018 la pou gen 1,500 megawat apati 2025, ak 3,000 megawat apati 2030 pou ede entegre enèji renouvlab nan rezo elektrik la. Yo te resaman anonse 280 milyon dola ki disponib pou pwojè estokaj enèji nan kad yon investisman 400 milyon dola pou akselere kwasans nan endistri a.

- **Efikasite Enèji:** Yo te anonse nan Jounen Latè 2018 la (Earth Day 2018) yon nouvo objektif efikasite enèjetik anbisye ki vize redwi konsomasyon enèji ki ekivalan a 1.8 milyon fanmi New York apati 2025.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)